

Non (Prenon, Siyati)

ID Pri Ekitab



FF-1c (HC) 06/10/2025 (page 1 of 8)
(E) 05/23/2025 LLF

Pri Ekitab Vil New York

Kondisyon Itilizasyon ak Lòt Enfòmasyon Enpòtan pou Vil New York Depatman Sèvis Sosyal / Administrasyon Resous Imèn (Department of Social Services/Human Resources Administration)

Rediksyon sou kous tren, bis lokal oswa Transpò Aksesib (Access-A-Ride) (Haitian Creole)

Depatman Sèvis Sosyal/Administrasyon Resous Imèn (Department of Social Services/Human Resources Administration. DSS/HRA) ap jere Pwogram ("Pwogram nan") Pri Ekitab Vil New York (Fair Fares New York City, FFNYC) lan. Pwogram nan pèmèt moun ki kalifye yo monte tren, bis lokal ak Paratranzit Access-A-Ride pou mwaye pri.

Pou enskri nan Pwogram Pri Ekitab Vil New York la:

Si ou ranpli kondisyon kalifikasyon Pwogram nan epi gen fon ki disponib, w ap resevwa yon rabè FFNYC epi w ap enskri nan pwogram nan pou yon lane. W ap enskri pou youn nan rabè sa yo (kèlkeswa sa ki aplike pou ou nan moman ou enskri a):

- Rabè sou tren ak bis lokal Otorite Metwopoliten Transpò (Metropolitan Transportation Authority, MTA) Transpò Piblik Vil New York (New York City Transit, NYTC) (gen ladan Bee-Line, Nassau Inter-County Express, Staten Island Railway, Roosevelt Island Tram, and Hudson Rail Link); oswa
- Access-A-Ride

Si nenpòt lè ou pa kalifye ankò, Pwogram nan ap retire w epi rabè a ap kanpe. Pwogram nan ap fè w konnen pa lapòs nan adrès ou genyen ki anrejistre a si yo retire w nan pwogram nan.

Kalifikasyon FFNYC

Moun ki abite nan Vil New York (NYC) yo gendwa elijib pou FFNYC si:

- Yo gen ant 18 ak 64 lane (moun 18 ak 64 lane ladan tou);
- Y ap viv nan yon fanmi ki respekte kritè revni pou pwogram FFNYC a;
- Yo pa resevwa yon tarif konplè nan men DSS/HRS oswa nan men tout lòt ajans ki nan Vil New York; epi
- Si yo chwazi rabè pou metwo ak bis lokal FFNYC yo, yo poko patisipe oswa kalifye nan nenpòt lòt pwogram rabè transpò (discount transport program).



Chanjman pou soti nan MetroCard Pri Ekitab (Fair Fares MetroCard, FFM) pou ale nan peye Yon Tren nan New York (One Metro New York, OMNY):

Pwogram nan pa bay MetroCard Pri Ekitab (Fair Fares MetroCards, FFM) ankò. Si w gen yon FFM, ou ka itilize l jiskaske (kèlkeswa sa ki rive an premye a):

- Kat FFM nan ekspire (dat ekspirasyon an nan do kat la);
- Kat FFM nan pa fonksyone ankò;
- Kat FFM nan dezaktive; **oswa**
- Ou pa enskri ankò.

Kondisyon Itilizasyon ou te siyen an toujou aplikab pou MetroCard ou a toutotan li rete an vigè.

Ou ka fè chanjman soti nan MetroCard pou al nan OMNY lè:

- Ou renouvle enskripsyon w nan pwogram nan; **oswa**
- Ou rapòte MetroCard ou a pèdi, yo vòlè l, oswa si l andomaje.

Ou ka fè chanjman soti nan MetroCard pou al nan OMNY nenpòt lè. Lè ou fè chanjman soti nan MetroCard pou al nan OMNY, ou ka chwazi fason ou vle peye pri redui w la:

- Ou ka itilize yon kat OMNY FFNYC te voye pou ou;
- Ou ka itilize pwòp kat OMNY ou; **oswa**
- Ou ka peye ak yon kat kredi pèsònèl, yon kat debi oswa yon aparèy mobil.

Pou Patisipan ki Enskri pou Rabè sou Tren ak Bis Lokal yo:

Rabè Pri Ekitab Vil New York la se pou w itilize pou ou **sèlman**. Si w kite yon lòt moun itilize kat ou a, Pwogram nan ka sispann ou epi siprime rabè w la. Tanpri, gade seksyon Penalite ki anba a pou plis enfòmasyon.

Itilize rabè FFNYC nan avèk OMNY:

- Ou ka pase kat ou a oswa aparèy ou a sou nenpòt lektè kat OMNY. Rabè w la ap mache pou tren, bis lokal yo, Staten Island Railway, Roosevelt Island Tram, ak Hudson Rail Link. Rabè w la p ap mache nan bis ekspres oswa nan AirTrain JFK yo - Y ap fè w peye pri konplè pou sèvis sa yo.
- Si ou fè 12 vwayaj peye pandan 7 jou konsekitif, tout lòt vwayaj pandan tan sa a ap gratis otomatikman. ***Sa ap disponib toutotan OMNY ap ofri plafon pri yo.***
- Se yon sèl metòd pou peye ou ka chwazi ak rabè w la: yon Kat OMNY, yon kat kredi oswa debi oubyen yon aparèy mobil. Posibilite pou w chanje metòd pou w peye a rete selon diskresyon Pwogram nan.

Non (Prenon, Siyati)

ID Pri Ekitab



FF-1c (HC) 06/10/2025 (page 3 of 8)
(E) 05/23/2025 LLF

Fason Kat OMNY an travay:

Ou kapab ajoute lajan sou yon kat OMNY nan yon Machin ki Vann Kat OMNY ki sitiye l nan estasyon tren NYCT, nan magazen ki vann an detay k ap patisipe atravè vil la (omny.info/retail), lè w rele Sèvis Kliyantèl OMNY nan (877)-789-6669, oswa anliy atravè kont OMNY ki anrejistre w la (omny.info/register).

- Pwogram nan pa peye oswa li pa ranbouse pri transpò yo. Kat FFNYC ap ba ou a pa p gen okenn lajan sou li.
- Avan ou ka itilize yon kat OMNY, w ap gen bezwen ajoute lajan pou peye pri mòd transpò w ap itilize a. Pi piti montan lajan ou ka ajoute sou kat ou a se \$1.00. Balans ou dwe omwen 50% nan pri ki pou vwayaj.

Fason Pou Itilize Rabè w la ak yon Kat Kredi oswa Debi oubyen yon Aparèy Mobil

Ou ka itilize rabè w la ak yon kat kredi pèsònèl oswa kat debi oubyen aparèy mobil. OMNY ap fè w peye pri redui an chak lè ou pase kat la.

- FFNYC ap fè w konnen lè yo ajoute rabè an sou kat kredi oswa debi w la.
- Si w vle itilize rabè w la ak aparèy mobil ou a, pase aparèy la sou lektè OMNY lan apre yo fin ajoute rabè a.
- Rabè a ka itilize ak yon sèl vèsyon kat kredi oswa debi w la ase: Pa egzanp, ou pa p ka itilize rabè a sou yon kat fizik si li te fèt sou vèsyon nimerik menm kat la sou aparèy mobil ou a.
- Si kat kredi oswa debi w la gen plis pase yon itilizatè otorize, se sèlman yon itilizatè otorize k ap ka itilize kat sa ak rabè a.
- Si w fè chanjman soti nan yon kat OMNY pou al nan yon kat kredi oswa debi oubyen yon aparèy mobil, kat OMNY ou an ap vi yon kat pri konplè.

Kat OMNY ki Pèdi, Yo Vòlè, oswa ki andomaje:

- Konekte nan ACCESS HRA (AHRA) oswa rele nan 311 pou w rapòte kat ou a pèdi, yo vòlè l oswa li andomaje. Kat OMNY an p ap fonksyone depi yo anile l.
- Ou ka ranplase kat OMNY ou an ak yon lòt kat OMNY oswa ak yon kat kredi oswa debi oubyen yon aparèy mobil.
- FFNYC ap bay sèlman yon sèl kat OMNY ranplasman pou chak ane enskripsyon. Yo pèmèt moun fè yon dezyèm ranplasman sèlman nan sikonstans espesyal, selon diskresyon Pwogram nan.
- Lè FFNYC voye yon nouvo kat OMNY ba ou, kòd ki te sou lòt kat la ap transfere sou nouvo kat la.
- **OMNY PA OFRI RANBOUSEMAN**
- Si w rive nan limit ranplasman kat la, ou ka ajoute rabè w la sou pwòp kat OMNY ou oswa itilize yon kat kredi oswa debi oubyen yon aparèy mobil.
- Si w fè chanjman pou transfere rabè w lan sou pwòp kat OMNY w lan, lajan ki te sou lòt kat la ap rete sou kont OMNY ou an. Ou dwe rele sèvis kliyantèl OMNY nan (877) 789-6669 pou transfere lajan an soti sou ansyen kat ou an pou al sou pwòp kat OMNY ou an.
- Detounman oswa abi Kat Pri Ekitab OMNY (FFOC) ki gen lajan ki rete sou yo pa elijib pou ranbousman.

Kat Kredi, kat Debi oswa Aparèy Mobil ki Pèdi, Yo Vòlè, oswa ki andomaje

- Kontakte bank ou an avan pou anile oswa mete kat ou a sou poz pou evite tranzaksyon ki pa otorize yo.
- Pou transfere rabè w yo sou yon kat diferan, konekte sou AHRA. Pou fè demann yon kat OMNY, konekte sou AHRA oswa rele 311.

Kat Pri Ekitab OMNY bay (FFOC) ki ekspire:

- FFOC w la gen yon dat ekspirasyon nan do l. Ou ta dwe kontinye itilize menm kat la jiskaske li ekspire. FFNYC ap voye yon nouvo kat pou ou otomatikman pa lapòs avan li ekspire si w toujou enskri nan pwogram nan.
- FFNYC ap transfere lajan w lan sot sou kat ki ekspire a al sou nouvo kat la.

Pa Gen Transfè Lajan soti nan MetroCard pou al nan Kat OMNY:

- Ou pa ka transfere okenn balans ki rete sou yon MetroCard pri konplè oswa yon kat OMNY pri konplè.
- Ou pa ka transfere balans lan soti sou MetroCard Pri Ekitab ou pou al sou Kat OMNY Pri Ekitab. Ou dwe itilize balans ki rete sou kat MetroCard ou an avan li ekspire oswa li anile.

Non (Prenon, Siyati)

ID Pri Ekitab



FF-1c (HC) 06/10/2025 (page 5 of 8)
(E) 05/23/2025 LLF

Demann ranbousman pou yon kat FFM ki pèdi oswa yo vòlè selon pwosedi NYCT yo:

Si ou pèdi FFM ou an oswa si yo vòlè l, **epi** si ou te achte yon pas 30 jou ak yon **kat kredi, debi, oswa EBT**:

- Apre w fin rele 311 oswa apre w fin konekte sou AHRA ou an pou w rapòte ou pèdi oswa yo vòlè kat ou a, ou ta dwe kontakte transpò piblik NYC pa apèl sou 511 oswa (718) 330-1234 epi swiv enstriksyon yo jiskaske ou rive nan Pwogram Pwoteksyon Balans (Balance Protection Program) lan pou mande yon ranbousman.
- Ou ka kalifye pou yon ranbousman pasyèl sou baz kantite jou ou fè Pwoteksyon Balans (Balance Protection) konnen FFM nan pèdi oswa yo vòlè l **epi**:
 - Kat ou pèdi oswa yo vòlè a gen yon pas 30 jou sou li;
 - Te gen tan ki rete sou pas 30 jou w la lè li te dezaktive; epi
 - Ou te peye pou pas 30 jou w la ak yon kat debi, kredi oswa EBT:
- Si FFM w la te pèdi oswa si yo vòlè l, ou ka gen yon ranbousman gratis pou chak ane sivil. Yon dezyèm ranbousman ap koute \$5.00, epi pa gen pyès ranbousman k ap fèt si kantite lajan ki sou kat la pi piti pase \$5.00. Pou pi plis, ou ka resevwa de (2) ranbousman chak ane.

FFM ki andomaje oswa ki Pa Fonksyone:

Si ou pa ka itilize FFM ou a paske li andomaje oswa paske li pa fonksyone, ou dwe retounen FFM ki andomaje oswa ki pa fonksyone a nan yon biwo FFNYC.

Rele 311 oswa vizite www.nyc.gov/fairfares pou jwenn biwo ki pi pre w la. DSS/HRA ap ba ou yon kat ranplasman FFOC yon fwa ou fin retounen FFM ki andomaje oswa ki pa fonksyone a bay Pwogram nan.

Dat Ekspirasyon MetroCard

Si gen lajan ki rete sou FFM ou an lè li ekspire a, ou dwe mande yon ranbousman.

Voye demann ou an pa lapòs oswa retounen kat ki ekspire ou a nan yon anplasman FFNYC. Nenpòt demann pou ranbousman dwe fèt nan 2 ane apre dat ekspirasyon ki sou do kat la.

Pou voye yon demann pa lapòs, mete enfòmasyon sa yo nan anvlòp la anvanm ak kat ou a:

- Prenon w ak siyati w
- Nimewo Idantifikasyon Kliyan Pri Ekitab yo (li disponib sou paj dakèy Pri Ekitab la nan kont [ACCESS HRA](#) ou a):
- Balans total ou panse ki rete sou kat la.

Voye MetroCard Pri Ekitab ou a ak enfòmasyon ki anwo a sou:

Fair Fares NYC
PO Box 7099
New York, NY 10008-7099

Non (Prenon, Siyati)

ID Pri Ekitab



FF-1c (HC) 06/10/2025 (page 6 of 8)
(E) 05/23/2025 LLF

Pou Patisipan ki Enskri pou yon Rabè sou Vwayaj Access-A-Ride yo:

- Patisipan Pri Ekitab (Fair Fares) k ap itilize AAR yo ki mande rabè sou vwayaj AAR yo pa kalifye pou resevwa yon rabè sou tren ak bis lokal yo. Si w deja gen yon rabè pou tren oswa bis lokal, FFNYC ap retire rabè a soti sou kat oswa aparèy mobil ou a.
- Aprè w fin bay Pwogram nan nimewo ID Access-A-Ride ou a epi Transpò Piblik NYC konfime enfòmasyon w yo, rabè w la ap aplike dirèkteman sou chak kont AAR. Depi AAR fin konfime w, w ap kapab rezève rabè sou vwayaj AAR yo pandan peryòd kalifikasyon Pri Ekitab ou a. Rabè a ap aplike sou vwayaj la lè w rezève l, epi w ap sèlman peye pri rabè a lè vwayaj la fini.
- Ou se sèl moun yo pèmèt ki pou itilize rabè pri AAR ou a. Si ou kite yon lòt moun itilize rabè w la, ou ka pèdi kalifikasyon w pou Pwogram nan. Tanpri, gade seksyon Penalite ki anba a pou plis enfòmasyon espesifik.

Lè ou aksepte kondisyon itilizasyon FFNYC yo, ou rekonèt epi aksepte tèm ak règleman ki gouvène itilizasyon sèvis nou yo, ladan yo genyen gid sou konpòtman itilizatè, konfidansyalite done, dwa pwopriyete entèlektiyèl, epi limitasyon responsabilite.

Renouvèlman nan Pwogram FFNYC a:

Pwogram nan ap fè w konnen omwen 30 jou avan peryòd enskripsyon w lan nan Pwogram FFNYC nan fini. Annapre, ou ka voye yon aplikasyon pou renouvèlman bay DSS/HRA. Yon fwa yo revize epi apwouve aplikasyon renouvèlman ou a, rabè w la ap kontinye fonksyone ak menm metòd peman ou konn sèvi deja a, soy si w te mande pou sèvi ak yon nouvo metòd peman pandan metòd renouvèlman w lan. Si FFOC ou a ekspire pandan enskripsyon w lan, y ap voye yon nouvo FFOC pou ou otomatikman pa lapòs avan l ekspire.

Avètisman:

Rabè Pri Ekitab yo ap disponib sèlman pandan tan Pwogram nan ap an vigè. Si Pwogram nan sispann, y ap retire rabè a sou kat ou, men ou ka kontinye itilize nenpòt balans ki rete nan kont OMNY ou an nan pri konplè. Rabè Access-A-Ride yo ap fini imedyatman si Pwogram nan sispann.

Lè ou dakò ak Kondisyon Itilizasyon sa yo, ou dakò tou akò sa a fèt ant nou menm tou, kòm patisipan ak DSS/HRA kòm administratè Pwogram FFNYC nan. NYCT pa yon pati nan akò sa a.

Chanjman nan Akò sa a:

DSS / HRA ka chanje kondisyon Akò sa a nenpòt ki lè. Chanjman sa yo ap an vigè lè yo poste sou sit entènèt Pri Ekitab la. Si nenpòt chanjman fè yon pati nan akò sa a pa valid, chanjman an pa fè tout akò a pa valid. Sa vle di rès kondisyon yo nan akò sa a ap toujou an vigè.

Non (Prenon, Siyati)

ID Pri Ekitab



FF-1c (HC) 06/10/2025 (page 7 of 8)
(E) 05/23/2025 LLF

Lwa ki Aplikab:

Lwa Eta New York yo ak Chapit 12 Tit 68 nan Règ Vil New York yo ap kontwole Akò sa a. Y ap itilize Lwa Eta New York yo pou entèprete akò sa a.

Chanjman nan Enfòmasyon ou yo:

W ap resevwa avi ak ranplasman FFOC yo nan adrès nou genyen sou dosye a. Ou dakò enfòmè DSS/HRA sou nenpòt chanjman nan enfòmasyon ou bay avan yo tankou:

- Non;
- Adrès;
- Nimewo telefòn; ak
- Adrès imèl.

Ou ka chanje adrès postal ou oswa enfòmasyon pou kontak yo lè w vizite www.nyc.gov/accessfairfares, rele 311 oswa vizite biwo Pri Tikè Ekitab nan Vil New York.

Pa kalifye:

FFNYC ap retire rabè a sou kat ou a oswa aparèy mobil ou a si w pa kalifye pou Pwogram nan. Ou ka kontinye itilize kat la oswa aparèy mobil lan san rabè a si l pa dezaktive.

Restriksyon:

Se sèl ou menm yo pèmèt ki pou itilize rabè FF ou a. Si w kite yon lòt moun itilize rabè FF ou a, yo ka retire w nan Pwogram nan, epi si ou gen yon FFOC, ou ka pèdi nenpòt balans ki rete sou kat la.

Menm jan ak tout kat OMNY yo, ou dwe montre nenpòt polisye oswa manm pèsonel transpò piblik FFOC ou a si yo mande li.

Pwogram nan ka retire rabè w la si:

- Ou falsifye FFOC ou a; oswa
- Ou kite yon lòt moun itilize FFOC oswa aparèy ou a pou pran tren oswa bis ki kalifye pou rabè w la.

Sanksyon:

Si w mal itilize ak rabè FF ou oswa ou fè fwod ak Pri Ekitab Vil New York ou a (tankou, men se pa sa sèlman, bay yon lòt moun rabè a pou l itilize oswa fè eksprè bay Pri Ekitab Vil New York fo enfòmasyon), w ap resevwa yon lèt avètisman ak yon sispansyon 60 jou. Apre sispansyon 60 jou a fini, ou ka reyaplike nan Pwogram nan. Si w komèt yon dezyèm vyolasyon, n ap retire w definitivman nan Pwogram nan.

FFOC ki mal itilize ki gen lajan ki rete sou yo pa elijib pou ranbousman.

Non (Prenon, Siyati)

ID Pri Ekitab



FF-1c (HC) 06/10/2025 (page 8 of 8)
(E) 05/23/2025 LLF

Dwa pou Konteste Desizyon sou Kalifikasyon:

Si nou w pa kalifye pou Pri Ekitab Vil New York, ou gen dwa rele 311 oswa vizite yon anplasman FFNYC pou w mande yon evalyasyon administratif pou konteste desizyon sou kalifikasyon an.

Divilgasyon:

DSS/HRA ka itilize ak pataje enfòmasyon pèsònèl yo kolekte sou ou yo pou patisipasyon w nan Pwogram sa a pou kèk rezon, ladan yo genyen, men se pa sèlman sa ki annapre yo:

- Administre pwogram nan;
- Konekte w ak avantaj, sèvis epi swen siplemantè ou ka kalifye pou yo;
- Verifye patisipasyon w nan pwogram Transpò Aksesib) (Access-A-Ride program) la.
- Verifye ou p ap patisipe nan yon pwogram Pri Redui MTA)(MTA Reduced Rate program); epi
- Bay fòs lòd yo enfòmasyon pou yo mennen ankèt sou ka sispèk fwod ki gen pou wè ak Pwogram nan.

Rabè Pri Ekitab ak itilizasyon li yo soumèt ak tout dispozisyon, règ, ak règleman sou tarif Transpò Piblik Vil New York ak asosye l yo.

Itilizasyon yon FFOC soumèt ak menm kondisyon epi restriksyon sou tarif ansanm ak itilizasyon FFM nan. Itilizasyon rabè Pri Ekitab ou a avèk OMNY soumèt ak Kondisyon Sèvis epi Politik Konfidansyalite OMNY yo, ki disponib sou OMNY.info.

Tanpri, li epi siyen Kondisyon Itilizasyon sa yo epi kenbe yon kopi pou dosye w yo.

Non Patisipan an (ak lèt yo detache)

Dat

Siyati Patisipan an

Pou sèvis kliyan oswa pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311. Si ou soud oswa ou gen difikilte pou tande, sèvi ak 711 oswa founisè sèvis relè ou pito a pou kontakte nou.